



Pou Piblikasyon Imedya: 19/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL INOGIRE ARÈN UBS LA - KI SE NOUVO KAY NEW YORK ISLANDERS

Nouvo Arèn UBS la ki gen 19,000 syèjz reyalize yon etap enpòtan nan pwojè global re-devlopman Belmont Park la ki koute 1.3 milya dola a

Yo fini nouveau estasyon Arèn UBS-Elmont LIRR la

Projè total la prevwa kreye 10,000 djòb, jenere 2.7 milya dola nan aktivite ekonomik

Foto nouveau arèn lan disponib [isit la](#)

Video yo pran anlè nouveau arèn la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti Arèn (estad) UBS la, ki pral fè New York Islanders tounen lakay li nan Long Island. Nouvo arèn lan make yon etap enpòtan nan Pwojè Redevlopman Belmont Park la ki koute 1.3 milya dola an jeneral, ki ap transfòme 17 kawo teren pakin ki pa itilize ase an destinasyon espò ak otelri prinsipal. Anplis li vin nouveau kay ekip hockey New York Islanders la, Arèn UBS la pral prezante konsè, divètisman an dirèk ak lòt evènman pandan tout ane a. Faz k ap vini yo nan Pwojè Redevlopman Belmont Park la pral gen ladan yon konplèks ki destine pou divètisman ak komès an detay ki mezire 350,000 pye kare, yon otèl ki gen 250 chanm ak yon sant kominotè. Anplis de sa, yo pral re-ouvri de pak lokal ke yo reyabilite pou piblik la nan mwa kap vini yo. Konstriksyon tout eleman pwojè yo prevwa kreye 10,000 djòb epi jenere 2.7 milya dola nan aktivite ekonomik pou Konte Nassau.

"Jodi a se yon jou monimantal pou New York ak pou Islanders pandan n ap inogire nouveau Arèn UBS klas mondyal la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sa a se premye etap nan Belmont Park ki fèk redvelope a, ki pral sèvi kòm yon destinasyon entènasyonalman ki rekonèt pou espò, divètisman, komès an detay ak otelri. Pandan New York ap kontinye rekipere li anba pandemi COVID la, Belmont Park pral jwe yon wòl enpòtan nan ranfòse ekonomi reyjonal la ak nan ranfòse sektè touris la pou jenerasyon k ap vini yo."

Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare, "Ouvèti nouvo Arèn UBS la non sèlman agreyab pou Islanders, nouvo renovasyon Belmont Park yo pral yon bél ogmantasyon nan kominote Konte Nassau a. Nouvo pwojè sa a pral pote divètisman ak aktivite ekonomik nan zòn nan epi fè li yon sant entènasyonal pou tout bagay, soti nan espò ak otelri, mwen pa ka tann pou mwen wè nouvo arèn lan an aksyon."

Pwojè Redvelopman Belmont Park la ke yo te anonse an desanm 2017 la gen ladan avantaj enpòtan kominote ak domèn publik, tankou yon nouvo estasyon Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) nan Elmont - ki se premye nouvo estasyon LIRR aplantan depi prèske 50 ane. Disi 2024, yo prevwa pwojè a pral soutni 3,200 nouvo travay atanplen, pwodui 858 milyon dola nan aktivite ekonomik anyèl, epi jenere plizyè dizèn milyon dola nan nouvo resèt taks pou ekonomi reyjonal la.

Nouvo Estasyon Elmont LIRR la

[Estasyon Elmont](#) Long Island Rail Road lan, premye nouvo estasyon LIRR nan apeprè 50 ane, pral ouvri pou sèvis nan samdi 20 novanm - kowenside ak premye match adomisil New York Islanders nan Arèn UBS la. Estasyon Arèn UBS — Elmont lan pral ofri odepia sèvis nan direksyon lès pou Elmont, k ap sèvi Arèn UBS la ak Belmont Park, ki konsève pwòp estasyon ki dedye a tan pasyèl li a.

Sèvis nan estasyon an pral ogmante pwochen ete a lè platfòm nan direksyon Iwès la ouvri. Nan moman sa a, estasyon an pral kòmanse sèvis a tan plen pandan tout ane a pou kominote lokal la epi pral kòmanse bay sèvis nan evènman yo nan UBS Arena ak Pak Belmont. Abitan Long Island ki rete nan lès Belmont nan liy Hempstead, Bè Oyster, Port Jefferson ak Ronkonkoma pral gen yon trajè yon plas pou ale dirèkteman nan evènman yo pou premye fwa. Sa pral redui tan vwayaj epi prevwa ogmante kantite patisipan nan evènman yo ki itilize transpò publik, sa k ap ede redui blokis nan Long Island.

Lè tou de platfòm yo fini, nouvo estasyon an pral gen ladan de platfòm wo nivo avèk 12 machin long ki gen ovan, asansè ki konfòm avèk Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo, yon pasrèl pou pyeton, estasyon rechaj USB, Pwen Éd, kamera sekirite, siy dijital avèk enfòmasyon sou arive tren yo, Wi-Fi ak yon sistèm fonn nèj dènye kri ki entegre nan beton platfòm yo pou asire yo rete san nèj ak glas pandan tanpèt ivè yo.

Reyabilitasyon Elmont Road Park ak Hendrickson Avenue Park

Kòm yon pati nan pwojè global la, New York Arena Partners ap renove Elmont Road Park epi bay amelyorasyon nan Hendrickson Avenue Park. Plan pou Elmont Road Park te devlope ak kominote lokal la baze sou ide rezidan yo te ofri nan yon atelye planifikasyon anime an avril 2019. Lè li fini, Elmont Road Park pral gen yon nouvo teren espò pou plizyè itilite, yon teren baskètbòl ak handball renove, yon cheme periferik pou pyeton, yon nouvo zòn kondisyònman fizik pou granmoun, nouvo lakou rekreyasyon ak zòn pou jwe nan dlo, zòn pou chita ki renove, ekleraj amelyore ak mezi sekirite, ak aksè ADA a. Amelyorasyon nan Hendrickson Avenue Park gen ladan ekleraj amelyore.

Prezidan Nomine Empire State Development Ian, Kevin Law, te deklare, "Avèk Eta New York ki re-ouvri pòt li, ouvèti nouvo Arèn UBS la ak estasyon Elmont Long Island Rail Road voye yon mesaj klè ke Long Island ouvè pou biznis. Kòm nouvo kay New York Islanders ak sit pou divètisman an dirèk, Arèn UBS la pral kreye yon ranfòsman enpòtan nan sektè touris ak aktivite ekonomik nan rejon an. Sektè touris ak otelri enpòtan pou ekonomi Eta a epi redevelopman Belmont Park la pral transfòme zòn nan an yon destinasyon divètisman prensipal."

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development Ian, Hope Knight te deklare, "Apre plizyè ane nan planifikasyon ouvè, an kolaborasyon ak lidè kominotè yo ak moun ki gen enterè yo, nou inogire nouvo Arèn UBS la - ki se yon destinasyon espò ak divètisman klas mondal ki pral kreye souvni dirab pou fanatik hockey yo ak Nouyòkè yo. Lavni an briyan pou Long Island ak yon Belmont Park ki redevelope k ap pote nouvo djòb ak resèt taks ki pral ede estimile kwasans ekonomik rejon an.

Ko-pwopriyetè New York Islanders la, Jon Ledecky, te deklare, "Se yon privilèj pou nou selebre fanatik Islanders yo ak Nouyòkè yo atravè rejon an kòm nouvo pwen enpòtan sa a pou New York ouvri jodi a. Nou remèsye Gouvènè Hochul, ofisyèl eli yo ak moun ki nan kominote nou an ki te travay di pou rann jounen sa a posib."

Komisè NHL la, Gary Bettman te deklare, "Mwen vle felisite Gouvènè Hochul, New York Islanders, fanatik yo, ak patnè nou yo nan gouvènman an ak nan sektè prive a ke se vizyon, travay di, ak angajman pa yo ki te fè jounen istorik sa a posib. Pandan plizyè ane Islanders te reve yon arèn premye klas, modèn ke yo ka rele lakay yo. Jodi a, rèv sa a rive reyalize."

Jeff Wilpon ak Richard Browne, Ko-Fondatè Sterling Project Development Ian, te deklare, "Nou fyè anpil pou nou kanpe ak Tim ak Scott pandan n ap ouvri Arèn UBS la. Nou voye pwofon remèsiman bay Gouvènè a, anplwaye devwe nan Empire State Development yo ak Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) yo, ak ofisyèl lokal eli yo ki te sipòte patenarya publik-prive revolisyonè sa a ki pral transfòme kominote lokal la."

Prezidan UBS Americas la, Tom Naratil te deklare, "Nou fyè anpil pou nou fè pati opòtinite inik sa a nan kapital finansye, divètisman ak espò nan mond lan. Li ekstrèmman eksitan pou wè non UBS nan premye sit peyi a, e nou rekonesan dèské nou nan fanmi patnè ki fè Arèn UBS la vin yon reyalite pou fanatik yo, pou kominote a ak pou Islanders Nation."

Direktè Egzekitif Jeneral Oak View Group, Tim Leiweke, te deklare, "Nou kontan pou nou akeyi fanatik yo nan Arèn UBS la wikenn sa a. Nouvo batiman modèn ki fèt pou mizik epi ki bati pou hockey pral gen yon eksperyans san parèy nan zòn nan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak eta New York pou sipò fòmidab yo bay ekip nou an ak pwojè sa a."

Pandan apeprè dezan, Empire State Development ak New York Belmont Partners, ak filyal li a, New York Arena Partners - yon antrepriz konjwen nan Oak View Group, New York Islanders ak Jeff Wilpon - te dirije Pwojè Redvelopman Belmont la atravè yon pwosesis revizyon publik solid ak transparan, ki te enkli 12 reyinyon ak odyans publik ak reyinyon kontinyèl ak òganizasyon lokal yo ak moun ki gen enterè yo. Opinyon ofisyèl lokal yo, manm kominotè yo ak Komite Konsiltatif Kominotè pwojè a te fòme pwojè a etap pa etap, sa enkli ogmantasyon novo estasyon Elmont— Arèn UBS LIRR la ak renovasyon Elmont Road Park. An ete 2019 la, pwojè a te resevwa apwobasyon publik li nan men Konsèy Direktè Developman Empire State la, Konsèy Sipèvizon Franchiz la ak Konsèy Kontwòl Otorite Publik yo.

Reprezantan Gregory Meeks, te deklare, "Mwen kontan anpil akeyi New York Islanders ankò nan Long Island. Nouvo estad la pral jenere travay epi ranfòse opòtinite ekonomik lokal yo. Anplis de sa, novo estasyon LIRR la nan Elmont, premye novo estasyon nan prèske 50 ane, pral pèmèt plis opsyon transpò publik ki pral fasilité vwayaj travay Nouyòkè yo epi asire aksè ekitab ak Arèn UBS la."

Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare, "Developman ekonomik ki responsab, epi ki dirije pa kominote a, esansyèl pou fè New York tounen, e mwen kontan anpil pou kolaborasyon ki te fè Konte Queens ak Nassau reyini pou wè Islanders tounen lakay li nan Long Island ak ouvèti Arèn UBS Arena modèn ki gen plizyè obketif la ki koute 1.1 milya dola ki sitiye nan Belmont Park. Sa te pran anpil travay, men nou finalman travèse liy final la epi n ap tann yon ogmantasyon ekonomik pou rejyon an ak eta a. Mwen ta renmen bat bravo ak felisite, Gouvènè Kathy Hochul, ekip nan Empire State Development lan, lidèchip MTA/LIRR, UBS Arena Partners, Wilpons, Jon Ledecky, zanmi nou yo nan mendèv òganize, kòlèg mwen yo nan gouvènman an men sa ki pi enpòtan, lidè kominotè yo nan Konsèy Konsiltatif la ak lòt moun ki te kanpe e ki te pale sou sa ki te bezwen fèt pou prezève ak pwoteje entegrite katye a pandan y ap gen yon vizyon pou fè eta nou an ak kominote yo avanse. Soti nan defann novo estasyon Elmont LIRR la rive nan sansibilize sou bezwen pou espas ouvè ak pwogram edikasyon, lidè rezidan lokal nou yo te prepare wout la pou patenarya publik-prive ak envestisman ki pral benefisyé rejyon an pou jenerasyon k ap vini yo."

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "Bèl novo Arèn UBS la nan Belmont Park demonstre sa ki posib atravè patenarya publik-prive ki efikas ak angajman kominotè ki pwodiktif. Nouvo etablisman remakab sa a pral finalman mennen Islanders lakay li nan Konte Nassau kote yo fè pati li, epi li pral yon sous disvètisman ak devlopman ekonomik ki pral benefisyé tout kominote nou an. Mwen rekonesan anpil pou travay di ak devouman tout moun ki responsab gwo akonplisman sa a, tankou Gouvènè Kathy Hochul, anplwaye Empire State Development yo, manm kominote a ki te bay opinyon yo, sektè prive, ak tout travayè ki te parèt pandan tout pandemi an pou kenbe pwojè a alè ak nan bidjè a. Jodi a se vrèman yon gwo jou pou tout moun nan Long Island!"

Senatè Eta Todd Kaminsky te deklare, "Mennen Islabders lakay li nan yon tèren modèn nan Long Island se yon viktwa. Pwojè sa a pral yon katalizè pou rejyon an epi li

jis se kòmansman sa ki pral yon konplèks klas mondal ki pote bon travay ak transpò publik nan kominote ki antoure yo. Jodi a montre ke nou ka panse gwo epi akonpli pwojè ki enpòtan, epi ki pote transfòmasyon."

Manm Asanble Clyde Vanel, te deklare, "Se yon gwo jou pou New York. Nou kontan anpil pou nou genyen New York Islanders ak Arèn UBS la kòm vwazen nou. Ansanm ak gwo evènman yo, nou prevwa ke l ap yon sant travay pou kominote nou an. Nou kontan tou pou nou gen yon nouvo estasyon tren Long Island. Arèn UBS la pral yon kote ki fòmidab pou kreye souvni pou ane ka p vini yo."

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Se yon jounen istorik pou Konte Nassau ak pou Islanders Nation. Pwojè Belmont lan deja benefisyé kominote lokal nou yo depi premye jou a, li kreye nouvo djòb ak aktivite ekonomik, elaji rezo transpò publik nou an, epi mennen Isles nou renmen anpil yo lakay nou pou tout bon - ki se yon gwo kout chapo pou Konte Nassau. Kòm yon sipòtè ki pasyone pou efò sa a, mwen fyè de ekip ki te asire yo fè travay la. Annavan Islanders!"

Prezidan Minisipalite Queens Ian, Donovan Richards te deklare, "Queens kontan akeyi Islanders New York yo nan zòn imeda nou an, men nou kontan anpil tou pou kreyasyon djòb ak aktivite ekonomik k ap benefisyé awondisman nou an ke ouvèti espektakilè nouvo Arèn UBS la pral jenere. Anfen pote Stanley Cup la lakay pou Islanders epi ganye sa ki nesesè pou viv ekonomikman pou alafwa Queens ak Nassau County."

Sipèvizè Vil Hempstead Ian, Donald Clavin, te deklare, "Jodi a se yon gwo jou pou Vil Hempstead ak Eta New York."

Prezidan Long Island Federation of Labor a, John Durso, te deklare, "Gouvènè Hochul, òganizasyon Islanders, fanatik yo, ak moun k ap travay nan reyon sa a yo tout reyini ansanm pou fè jou sa a vin yon reyalite. Se yon moman ikonik nan istwa Islanders ak Long Island. Tout moun ki enplike yo ta dwe fyè de sa nou te akonpli, ak eksite pou sa ki gen pou rive toujou!"

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon an, Matty Aracich, te deklare, "Nou pa ta ka plis eksite pou finisman kay Long Island NY Islanders la. Atravè pwojè sa a, nou te wè rezulta final Komèsant ak Komèsan kalifye nou yo ki te travay kòm "Vrè Atizan" pou fè sa a pi bon destinasyon divètisman nan nasyon an. Building Trades Council espesyalman rekonesan pou wòl Gouvènè Hochul ak NYS Empire State Development te genyen nan fè pwojè sa a vin motè ekonomik pou Konte Nassau epi sipòtè mendèv òganize pandan tout pwosesis la."

Prezidan 32BJ SEIU an, Kyle Bragg, te deklare, "Mete espas evènman New York yo an plas ak an fonksyon se yon eleman enpòtan nan rekiperasyon eta nou an. Ouvèti Arèn UBS la pral pote plizyè santèn bon djòb nan Belmont, tankou anpil travay netwayaj ak sekirite pandan tout ane a ki bay bon salè. Nou fyè pou nou sipòtè pwojè sa a epi n ap tann ak enpasyans anpil sezón anime."

Direktè Egzekitif Jeneral & Prezidan NYRA, Dave O'Rourke, te deklare, "Finisman Arèn UBS la sèvi kòm yon rapèl sou tout sa ki posib nan Eta New York. "Belmont Park se yon pwopriyete anblematik ki sèvi dekò pou kèk nan moman ki pi enteresan ak memorab nan istwa espò yo, epi nou kontan anpil pou akeyi Arèn UBS la ak New York Islanders nan novo kay pa yo nan plas kote yo kouwòne chanpyon yo."

Pwezidan Elmont Coalition of Sustainable Development Ian, Sandra Smith, te deklare, "Finisman arèn sa a se yon gwo viktwa pou kominote Elmont la. Mwen kontan anpil pou mwen kontinye travay avèk New York Arena Partners pou amelyore kominote nou an epi pote plis opòtinite pou rezidan Elmont yo."

Prezidan Elmont Cardinals Ia, Jon Johnson, te deklare, "Finisman pwojè sa a se yon bagay kominote Elmont la t ap tann ak enpasyans. Arèn sa a pral pote anpil opòtinite ekonomik pou kominote Elmont la. Mwen enpasyans pou mwen kontinye angaje mwen ak New York Arena Partners pou konplete renovasyon yo nan Elmont Road Park epi pou sipòte kominote lokal la."

Prezidan Chanm Komès Elmont Ia, Julie Marchesella, te deklare, "Chanm Komès Elmont la akeyi New York Islanders ak New York Arena Partners kòm manm nan Elmont Community (Kominote Elmont) a. Konplèks divètisman sa a se yon ogmantasyon ke yo t ap tann depi lontan nan devlopman ekonomik Eta New York, Konte Nassau ak kominote Elmont la an jeneral. Nou ap tann ak enpasyans yon relasyon travay ki dire lontan ak novo vwazen nou yo!"

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon novo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèrsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal kap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Gouvènè Kathy Hochul ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta. Pou plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, vizite <http://www.regionalcouncils.ny.gov> ak esd.ny.gov.

###